

# Jan nemungu asinganzwisisike:

## Nyaya ye Devil's Peak



**Million word gap project**

Children whose parents read to them have heard 30 million more words before they start school. Help your children prepare for school.

The Hope-Hear Million word gap project by
Hope-Hear NPC, 2024 / 064699 / 08
is licensed under a Creative Commons Attribution - Non-Commercial 3.0 Unported License

www.hope-hear.org
#HOPE-learn

# Illustrated by

**Robyn van Zijl**

ROBYN VANZIJL


# Translated by

**Elsa Tariro Wadi**

Kare kare, kwaive nemurume anonzi Jan Van Hunks aigara munyasi megomo rinonzi Windberg Pedyo ne Table Mountain.

Jan aive murume mukuru akasununguka. Aifarira kuputa chimonera. Aifarira kuputa mazuva ose akagara mukamba kake achiburitsa hutsi hwaimutendereredza zvinoshamisa.

Mudzimai wa Jan aisafarira kuputa kwake uku. “Iwe Jan, unonyaya kuputa! Ndaakutotadza kufema muno mumba nechiutsi chiri muno” aidaro mudzimai wake.



Naizvozvo Jan aingonyemwerera oti, “Usanetseke Mudiwa. Ndave kunoputira panze.” Anobva abuda okwidza kachikomo kumusoro kwekuti mhepo yaizotakura hutsi kuenda mudenga.



Rimwe zuver, Jan aive akagara zvake mugomo achizviputira fodya, ndokuona mumwe murume aishamisa akamira pedyo.

Murume uyu aisanzwisisika-aive akapfeka bhachi dema akabatawo chimonera secha Jan.

“Ah Anopututawo chimonera,” akafunga Jan. “Zvimwe tinokwanisa kutoputa tose?”

Murume wekushamisa uye akatendeuka kuna Jan ndokuti, “Ndinoona unofarira kuputa chimonera. Asi ndinoziva kt haundikunde. Ndini nyanzvi yekueputa pasirose!”



Jan, uyo aitamba kwazvo unyanzvi hwake pakuputa, akazvirova dundundu. “Hakuna zvakadaro, ini ndinoputa neshasha dzoga! Huya tine kuti ndiani pakati pedu anokwanisa kugadzira chapwititi chakakurisa.”



Naizvozvo varume vaviriri ava vakatanga kuputa. Vakasvuta ndokusvuta, umwe achiedza kukunda mumwe. Chiutsi chavo chakakura kuita segore chichitenderera kunge dutu. Pasina nguva gomo rose raive rakwidibira nechiutsi, mhepo ikachisimudza kuenda mudenga.

Chiutsi chakakora kusvika pakuchinja kuita gore guru, rakakura zvekuvhara gomo rese, raive rakakura zvekuita sekunge denga rose rainge rava gimbeze remhute rakafukidza kunyangwe ne Table Mountain.



Jan akaramba ongosvuta paye achishinhirira kukunda pamakwikwi aya. Mushure mechinguva, akatanga Kuneta. Murume asinganzwisisike uye haana kutaridza Kuneta, akangoramba achisvuta.

Kwapera ma awa akati wandei, Jan akasvuta kekupedzisira mushure mekunge murume uye amira.

“Ndakunda!” Jan akashevedzera achinzwa kudada kwazvo. Murume uye akanyemwerera zvisinganzwisisiki ndokuti, “Ungangodaro wakunda pamakwikwi aya asi handisi munhu nje. Ndiri Wakaipa, ska ndave kuenda zvino.”

Naizvozvo murume uye akanyangarika, achisiya Jan akagara oga mugomo. Chiutsi chakatanga kupera zvishoma nezvishoma, Jan ndokuzarurirwa kuti chiitiko ichi chinoshamisa. Chiutsi chaive chagadzira gore guru pamusoro pegomo, rakagarapo rakayangamara kunge mucheka wepatafura kunyangwe nepazuva rakajeka seiNaizvozvo gomo iri.



Rinozivikanwa nekusingaperi richinzi Devil’s Peak, nekuda kwemakwikwi akaitika pakati paJan Van Hunks newakaipa.

Jan akadzokera kumba, asi kubva zuva iroro pose paanotarira kugomo iri anorangarira makwikwi aye, pamwe ne gore guru rakafukidza gomo. Akadzidza kuti dzimwe nguva hazvina kuchenjera kuzvitutumadza kana kuda makwikwi kwazvonekuti magumo azvo anogona kushamisa kana kupwititika!

